



Pou Piblikasyon Imedya: 15/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI DISPENSÈ KANABIS POU UTILIZASYON ADILT NAN ITHACA

***Benefisyè lisans ki te afekte pa lajistis pral ouvri dispansè kanabis ki pi nouvo a andeyò Vil New York***

***Dispansè Ithaca sipòte pa Fon Envestisman Kanabis pou Ekite Sosyal la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a premye lisans Dispansè pou Vant an Detay pou Itilizasyon Adilt Kondisyonèl (Conditional Adult-Use Retail Dispensary, CAURD) nan pati Nò Eta New York ki posede pa yon antreprenè ki te deja kriminalize pa entèdiksyon kanabis pral ouvri pou vant bay piblik la a 4:20 p.m. nan jedi 16 mas nan 119-121 East State Street nan Ithaca.

"Avèk ouvèti William Jane nan Ithaca, n ap kontinye bati yon endistri kanabis pou itilizasyon adilt nan eta nou an ki travay pou konpanse domaj yo te koze pa arestasyon ki pa pwopòsyonèl ki te fèt pandan entèdiksyon kanabis la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan plis dispansè tankou sa a ap ouvri atravè Eta New York, kounye a konsomatè yo gen opsyon pou achte pwodwi legal ki pi an sekirite pandan y ap re-vesti nan kominote pa yo."

Dispansè Ithaca a, ki rele William Jane, pral posede ak opere pa William Durham. Mesye Durham, yon natif Brooklyn, ki te pase pifò lavi li nan Binghamton, ap antre nan mache kanabis New York la ak yon varyete eksperyans nan komès an detay, konstriksyon, ak envestisman nan imobilye.

Lokal la sipòte pa Fon Envestisman Kanabis pou Ekite Sosyal (Social Equity Cannabis Investment Fund) la epi li pral ouvri "tanporèman" Menm jan ak kèk lòt dispansè inisyal ki pral sipòte pa Fon an, sa pral bay benefisyè lisans yo opòtinite pou yo ouvri sou yon baz akoutèm pou fè lavant rapid epi kòmanse jenere kapital pou biznis yo, apre sa yo pral fèmen pou konstriksyon final epi apre sa yo pral re-ouvri sou yon baz alontèm.

Pwogram tanporè a fèt pou bay operatè a premye opòtinite fòmasyon anvan li ouvri apentan. Li pral benefisyè tout biznis ki enplike nan chèn ekipman pou kanabis la, soti nan kiltivatè ki gen kanabis ki pare pou distribisyon, rive nan transfòmasyon k ap transfòme kanabis an lòt kalite pwodwi. Distribitè ak operatè ki vann an detay yo travay

apati la a pou alimante konsomatè k ap chèche aksè ak pwodwi ki pi an sekirite ke yo ka fè konfyans. Ouvèti dispansè a ede avanse objektif New York pou ekite an matyè lisans pou kanabis, ki priyorize bay lisans pou moun ki enplike nan jistis, ki se moun ki gen yon kondanasyon pou kanabis oswa yon fanmi pwòch yon moun ki gen yon kondanasyon.

**Prezidan ak PDG DASNY, Reuben McDaniel III te deklare,** "Eta enpòtan sa a demontre angajman New York pou kreye nouvo opòtinite inik pou richès entèjenerasyonèl nan kominote Nwa ak Mawon yo nan tout New York, epi pou adrese enjistis istorik ki byen anrasinen yo. Mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul, sipò ekstrawòdinè pwogram sa a te genyen nan men Lejislati a, ak travay lidèchip Fon an, yo tout te ede nou kontinye pwogrè nou sou inisyativ enpòtan sa a."

**Pwopriyetè William Jane lan, William Durham, te di klare,** Mwen kontan dèske m se youn nan premye biznis kanabis ki ouvri nan Lò Eta New York. Mwen pa janm te imajine mwen ta kapab kòmanse yon biznis tankou sa a, epi mwen rekonesan anvwè Eta New York paske li te kreye opòtinite sa a pou devlope yon biznis isit la. Sa a se yon benediksyon ki pral ede m kreye opòtinite pou lòt moun alavni."

**Senatè Eta Lea Webb te deklare,** "Sa a se yon jounen fyè pou Vil Ithaca ak Southern Tier. Pandan n ap akeyi premye dispansè nan Lò Eta New York ak yon lisans ki sipòte pa Fon Envestisman Kanabis pou Ekite Sosyal la. Mwen vle swete yon byenvini epi felisite sensèman William Durham pou etap enpòtan sa a. Sa a se yon moman enteresan pandan ke endistri kanabis nou an ap envesti nan kominote nou yo nan bay opòtinite ekonomik pou patnè agrikòl yo ak moun ki te andomaje yon fason ki pa pwopòsyonèl pa kriminalizasyon kanabis la."

**Manm Asanble, Anna Kelles, te deklare,** "Mwen apresye angajman ak envestisman Gouvènè Hochul nan sipòte antreprenè ak devlopman biznis pou moun ki te deja kriminalize pa itilizasyon kanabis la. Dispansè 'William Jane' lan reprezante yon etap nan ede korije inegalite pase yo nan politik kanabis yo ak anprizònman, pandan y ap bay tou yon mache pou fèmye lokal k ap grandi kanabis yo. Pwodiksyon lokal ak lavant ka ede asire transparans ak bon jan kalite pwodwi, kenbe pwodwi a an sekirite pou granmoun ki chwazi sèvi ak li pou itilizasyon medikal oswa lwazi."

**Prezidan Lejislati Konte Tompkins lan, Shawna M. Black, te deklare,** "Konte Tompkins t ap tann avèk pasyans anons premye dispansè kanabis pou itilizasyon adilt la. Nou menm nou kontan tou dèske William Jane angaje l nan inisyativ jistis sosyal ak ekipe moun ke yo te sible istorikman pa kriminalizasyon marigwana."

**Majistra Ithaca a, Laura Lewis, te deklare,** "Mèsi dèske n ap travay ak kominote nou an sou premye dispansè ki gen lisans sa a nan Vil Ithaca. Nou kontan anpil pou nou fè pati premye moun k ap adopte nouvo motè sa a pou devlopman ekonomik ekita. Nou apresye tou angajman Eta New York pou ankouraje yon apwòch enklizif nan endistri kanabis ki reglemante a epi pou asire sekirite konsomatè yo ak opòtinite pou pwopriyetè biznis lokal yo."

**Prezidan Konsèy Kontwòl Kanabis la, Tremaine Wright te deklare,** "Nou kontan wè mache kanabis la elaji an nouvo teritwa. Magazen sa yo pral founi plis Nouyòkè yon fason ki an sekirite, fyab ak pratik pou yo achte pwodwi kanabis yo pandan y ap kreye travay tou epi ranfòse ekonomi lokal sa yo. Ouvèti magazen sa yo make yon etap enpòtan pou New York pandan n ap kontinye grandi mache nou an."

**Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis la, Chris Alexander te deklare,** "Ouvèti plis magazen kanabis legal nan eta a se yon opòtinite eksitan pou selebre divèsite k ap grandi nan endistri kanabis New York la. Nou fyè dèske nou fè pati okazyon enpòtan sa a epi nou pa ka tann pou n ogmante kantite lokal kote Nouyòkè yo ka jwenn aksè ak pwodwi kanabis san danje epi envesti nan kominote yo."

**William Thompson, Direktè Antrepriz ki gen Enpak sou Ekite Sosyal pou Patnè Jeneral Fon an, te deklare,** "Patenarya Piblik-Prive (Public-Private-Partnership, PPP) kanabis inik New York la te etabli espesyalman pou fè evalyasyon plizyè milye lokal alafwa nan nò ak nan sid eta; negosye, jere ak kontrakte lwaye yo ak chak pwopriyete; dirije pwosesis konsepsyon an, pandan y ap tabli pwogram fòmasyon ak operasyon pou ede operatè magazen yo lè biznis yo ouvri. Se yon gwo pòtfèy varye, men sa yo se etap ki nesè pou ede etabli benefisyè lisans yo pou siksè mache a."

Lokal Ithaca fè pati pwogram Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta New York la otorize epi ki patwone pa Fon an pou sipòte akizisyon, konsepsyon, konstriksyon, ak ekipe lokal dispansè kanabis yo pou yo opere pa benefidyè lisans CAURD yo Travay ak filyal Otorite Dòtwa pou Eta New York (Dormitory Authority for the State of New York, DASNY), Kòporasyon Sèvis Ekite Sosyal (Social Equity Servicing Corporation, SESC), Fon an se yon patenarya piblik-prive limite ki te fòme pou pozisyon antreprenè ekite sosyal yo pou yo reyisi nan endistri kanabis pou itilizasyon adilt la ki fèk kreye nan New York la. Jere pa Antrepriz ki gen Enpak sou Ekite Sosyal, Fon an pral ede benefisyè lisans CAURD yo ki enplike nan lajistis fè fas ak depans pou etabli dispansè pou vann kanabis an detay pou itilizasyon adilt yo. Li sipòte pa jiska 50 milyon dola nan frè lisans ak revni ki soti nan endistri kanabis pou itilizasyon adilt yo ak jiska 150 milyon dola ki soti nan sektè prive a.

Lisans CAURD la se yon poto santral nan kad Inisyativ Opòtinite Semansman Eta New York la. Atravè Inisyativ la, premye dispansè pou vann an detay legalman pou itilizasyon adilt yo pral opere pa sila yo ki te afekte pa entèdiksyon kanabis oswa òganizasyon san bi likratif ki gen sèvis yo ki enkli sipò pou ansyen prizonye yo./ Dispansè sa yo ap vann kanabis legalman pou itilizasyon adilt ak pwodui kanabis ki kiltive pa kiltivatè atravè New York yo.

Aplikan ki elijib yo dwe swa gen yon kondanasyon pou kanabis pou tèt yo, oswa yo dwe manm fanmi pwòch yon moun ki te kondane, yon moun ki posede oswa ki deja posede yon biznis ki te gen yon pwofi nèt pou omwen dezan. Òganizasyon san bi likratif yo te elijib pou lisans CAURD si yo gen yon istwa nan sèvi ak moun ki nan prizon kounye a oswa ansyen prizonye, tankou kreye opòtinite pwofesyonèl pou yo; genyen omwen yon

manm konsèy jistis ki enplike; omwen senk anplwaye aplentan; epi yo te opere yon antrepriz sosyal ki te gen byen nèt oswa pwofi pou omwen dezan.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418